

# U=U

## VIH Endektetab = Entransmisib

Medikaman pou trete VIH ka elimine risk pou moun bay lòt moun li nan fè bgay. Nan mwa out 2016, Depatman Sante Vil New York (New York City Health Department) te dakò ak lòt òganizasyon sante piblik ak medikal ak lide ki di moun ki gen VIH ki kenbe yon chaj viral endektetab pou omwen sis (6) mwa pa bay lòt moun VIH lè yo fè sèks san kapòt. Yo rele sa: Entransmisib = Entransmisib, oswa U = U (ann Anglè), E = E (an Kreyòl).

## Kijan tretman VIH anpeche transmisyon VIH?

Medikaman antiretwoviral yo kontwole VIH byen anpil. Yo pa geri VIH oswa retire viris la nan kò a, men si nou pran yo chak jou, jan yo preskri yo a, medikaman VIH yo anpeche viris la repwodwi. Sa a anpeche viris la domaje sistèm iminitè a ak evite moun ki genyen li an bay lòt moun li pandan y ap fè bagay.

## Kisa ki endektetab vle di?

Endektetab vle di nivo VIH nan san yon moun tèlman ba li pa parèt nan yon tès chaj viral. Si yon moun endektetab, VIH la ka toujou kache nan kò li, men kantite a tèlman ba, moun nan pa ka bay lòt moun VIH la lè y ap fè bagay.

## Kijan nou fè konnen

### Entransmisib = Enstransmisib?

Twa (3) etid resan – HPTN 052, PARTNER ak Opposites Attract – te suiv koup gason ak koup etewoseksyèl, kote yon patnè te sewopozitif epi lòt la pa te gen VIH. Pandan etid sa yo, pa te gen yon grenn moun ki te sewopozitif ki t ap pran medikaman antiretwoviral ki te endektetab ki te bay moun yo nan relasyon ak li a VIH la - nan plis pase 34,000 fwa, koup gason yo te fè bagay nan twou dèyè san kapòt, ak nan plis pase 36,000 fwa, koup fanm ak gason te fè bagay nan bouboun oswa nan twou dèyè san kapòt.

## Kijan pou mwen fè pou chaj viral mwen an endektetab?

Si ou sewopozitif, pran medikaman antiretwoviral yo jan pwofesyonèl swen sante ou preskri yo a. Apre ou kòmanse medikaman ou, pwofesyonèl swen sante ou pral pran echantyon san pou detèmine si nivo VIH nan san ou vin endektetab. Apre ou gen sis (6) mwa depi ou endektetab, ou pa pral pase VIH bay lòt moun lè ou fè bagay ak yo depi ou pran medikaman antiretwoviral ou epi chaj viral ou a rete endektetab.

## Si mwen pa gen VIH, èske mwen ta dwe evite fè sèks avèk moun ki sewopozitif.

Gen mwens danje lè ou fè bagay ak yon moun ki sewopozitif men ki nan tretman epi ki endektetab pase lè ou fè sèks ak yon moun ki sewopozitif men ki pa nan tretman epi ki

pa konnen si li endektetab ou pa. Yon moun ki te fenk pran enfeksyon VIH la ka gen yon chaj viral ki wo anpil epi li bay moun li fè bagay ak li san kapòt byen fasil. Yon moun VIH ki endektetab pou sis (6) mwa pa pral bay moun li fè bagay ak yo, menm si yo fè bagay san kapòt.

## Si moun mwen nan relasyon ak li a gen yon chaj viral ki endektetab, èske nou dwe toujou itilize kapòt?

Menmsi ou gen yon chaj viral endektetab ki anpeche ou bay lòt moun VIH, li pa pwoteje tèt ou kont lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay oswa gwsès ki pa planifye. Kapòt pwoteje kont VIH, lòt maladi moun pran nan fè sèks ak gwsès ki pa planifye. Si ou pa sèten si chaj viral moun ou nan relasyon ak li a endektetab, konsidere itilize kapòt oswa pran PrEP (pwofilaksi avan kontak) chak jou pou pwoteje ou kont VIH. Pou jwenn plis enfòmasyon sou PrEP, pale ak doktè ou oswa ale sou [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche "daily PrEP" (PrEP toulejou). Ou pa dwe janm santi y ap ba ou presyon pou fè bagay san kapòt.

## Si mwen sou tretman pou VIH, èske patnè moun mwen nan relasyon ak li a dwe sou PrEP?

Koup yo gen menm responsablite pou evite VIH. Moun ki sewopozitif ak moun yo nan relasyon ak yo dwe diskite kijan yo ka jwi yon relasyon seksyèl ki satisfèzan epi ki san grate tèt kote yo itilize kapòt, tretman VIH, PrEP oswa PEP ijan (pwofilaksi apre kontak). Moun ki pa sewopozitif yo ka chwazi pran PrEP, sitou si yo gen lòt moun yo fè bagay ak yo, oswa yo pa sèten si moun yo nan relasyon ak li a sewopozitif ou pa, yo pa konnen si moun yo nan relasyon ak li a ka kenbe chaj viral yo endektetab, oswa yo santi yo gen plis sekirite nan vi seksyèl yo grasa pwoteksyon an plis PrEP a.

## Ki lòt bagay mwen ka fè pou evite pran oswa bay VIH ak lòt maladi moun pran nan fè bagay?

Fè yon tès VIH. Yon tès pozitif se yon opòtinite pou resewva swen pou VIH, rete an sante epi pou anpeche bay lòt moun VIH. Yon tès negatif ba ou chans pou diskite sou fason yo rete sewonegatif, tankou sèvi ak kapòt, pran PrEP chak jou oswa pran PEP pou ijans. Fè tès regilyèman pou lòt maladi moun pran nan fè bagay. Maladi moun pran nan fè bagay yo gendwa pa montre sentòm, men yo ka ogmante chaj viral yon moun ki sewopozitif oswa fè li pi fasil pou viris la antre nan kò yon moun ki pa gen VIH.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou VIH, ale sou [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche "HIV" (VIH).

Pou jwenn èd avèk swen ak tretman VIH, rele **311** oswa tekste **CARE** (swen) nan **877877**.